

St. Vincent's Health System, Inc.

Règleman Konsènan Faktirasyon ak Rekouvremman

Dènye Modifikasyon: 07/01/2022

POLITIK/PRENSIP YO

Se politik St. Vincent's Health System, Inc., ak afilye li kontwole yo, sitou avèk, epi san limitasyon, St. Luke's-St. Vincent's HealthCare, Inc, dba Ascension St. Vincent's Southside; St. Vincent's Medical Center, Inc., k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's Riverside; St. Vincent's Medical Center-Clay County, Inc., k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent's Clay County, St. Vincent's Health System, Inc., dba Ascension St. Vincent's St. Johns County ("Òganizasyon" an) pou asire gen yon pratik ki sosyalman jis pou bay swen ijan ak swen ki nesèsè pou rezon medikal nan Òganizasyon an selon Politik Asistans Finansyè (oswa FAP). Politik sa a ki konsènan Faktirasyon ak Rekouvremman an la sitou pou rezoud pratik faktirasyon ak rekouvremman pou Pasyan ki bezwen Èd Finansyè epi ki resevwa swen sante nan Òganizasyon an.

Tout pratik faktirasyon ak rekouvremman pral montre angajman ak venerasyon nou pou diyite imen chak pasyan apa ak byen komen enkyetid espesyal nou ak solodarite nou avèk moun k ap viv nan povrete ak lòt moun ki defavorize, ak angajman nou pou distribye lajistis ak direksyon. Anplwaye ak ajan Òganizasyon an dwe konpòte yo nan yon fason ki montre règleman yo ak valè yon sant medikal ki jwenn sipò katolik, tankou tretman Pasyan yo ak fanmi yo avèk diyite, respè ak konpasyon.

Politik sa a konsènan Faktirasyon ak Rekouvremman aplike pou tout sèvis pou ijans ak lòt sèvis ki nesèsè pou rezon medikal nou bay nan Òganizasyon an, ansanm ak sèvis doktè ki anplwaye ak sante konpòtmantal. Politik faktirasyon ak rekouvremman sa pa aplike pou arajman peman pou ka ki pa "ijans" ak lot "ka medikaman nesèsè" (tankou tèm sa yo kite defini nan FAP Òganizasyon an)

DEFINISYON YO Ki Seksyon 501(r) Kòd ak règleman Kòd Revni Entèn pibliye apresa.

2. “**Aksyon Ekstrawòdinè pou Rekouvremman**” oswa “**ECA**” vle di aktivite rekouvremman ki endike anba la yo ka gen pou respekte kèk restriksyon dapre 501(r):
 - a. Lavant dèt yon Pasyan ba yon lòt enstitisyon, sof si achtè a anba kèk restriksyon jan sa dekri anba la a.
 - b. Rapòtaj enfòmasyon sou Pasyan an ba ajans rapòtaj kredi konsomatè oswa ba biwo kiredi.
 - c. Voye oswa refize, oswa egzije yon peman anvan nou bay swen sante ki nesèsè pou rezon medikal paske yon Pasyan pa peye youn oswa plis bòdwo pou swen sante nou te bay anvan epi ki garanti avèk FAP.
 - d. Aksyon ki mande pwosesis legal oswa jidisyè, sof pou reklamasyon ki depoze nan yon fayit oswa pwosedi pou chòk pèsònèl. Aksyon sa yo gen ladan, men pa sèlman
 - i. plasman yon dwa-privilèj sou pwopriyete Pasyan an,

- ii. sezi; ipotèk sou pwopriyete Pasyan an,
- iii. plasman yon prelèvman oswa atachman oswa konfiskasyon yon kont labank Pasyan an oswa lòt pwopriyete pèsònèl li,
- iv. kòmansman yon aksyon sivil kont yon Pasyan, epi
- v. sezi Salè yon Pasyan.

Yon ECA pa gen ladan okenn nan sa ki endike anba la a (menmsi kritè pou yon ECA jan sa endike anwo a satisfè anjeneral):

- a. lavant dèt yon Pasyan si, anvan lavant lan, yon akò alekri ki gen obligasyon legalegziste avèk achtè dèt la dapre sa achtè a
 - i. gen entèdiksyon pou fè nan nenpòt ECA pou jwenn peman pou swen sante a;
 - ii. achtè a gen entèdiksyon pou reklame enterè sou dèt la ki depase to enterè ki anvigè dapre seksyon 6621(a)(2) Kòd Internal Revenue nan moman lavant dèt la oswa dapre lòtgid ki pibliye nan Bilten Internal Revenue);
 - iii. dèt la ranbousab oswa Òganizasyon an ranbouse dèt la lè Òganizasyon an oswa achtè a detèmine pasyan an elijib pou Èd Finansye; epi
 - iv. achtè a gen obligasyon pou respekte pwosedi ki endike nan akò a ki asire Pasyan an p ap peye, epi li pa gen obligasyon pou peye, achtè a ak Òganizasyon an ansanm plis pase li gen responsablite pèsònèl pou peye dapre FAP si yo detèmine an kalifye pou Èd Finansye wepitou si Òganizasyon an pa retounen oswa pa rantre dèt la;
- b. nenpòt dwa privilèj Òganizasyon an gen dwa pou egzèse dapre lwa leta sou peman yon jijman, oswa konpwomi yo dwe yon pasyan akòz chòk pèsònèl Òganizasyon an te bay li swen sante pou yo; oswa
- c. depo yon reklamasyon nan nenpòt pwosedi fayit.

3. “FAP” vle di Règleman Èd Finansye Òganizasyon an, ki se yon règleman pou bay Èd Finansye pou Pasyan ki kalifye nan avansman misyon ak konfòmite Òganizasyon an ak Ascension Health misyon epi annakò avèk 501(r)

4. “Aplikasyon FAP” vle di aplikasyon pou Èd Finansye.

5. “Èd Finansye” vle di asistans Òganizasyon an ka bay yon Pasyan dapre Òganizasyon FAP an.

6. “Òganizasyon” siyifi St. Vincent’s Health System, Inc., ak afilye li kontwole yo, sitou avèk, epi san limitasyon, St. Luke’s-St. Vincent’s HealthCare, Inc, k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent’s Southside; St. Vincent’s Medical Center, Inc., k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent’s Riverside; St. Vincent’s Medical Center-Clay County, Inc., k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent’s Clay County, St. Vincent’s Health System, Inc. k ap fè biznis sou non Ascension St. Vincent’s St. Johns County. Pou mande plis enfòmasyon, prezante kesyon oswa

kòmantè yo, oswa prezante yon kontestasyon, ou ka kontakte biwo ki endike anba la a oswa jan sa endike nan nenpòt avi ki anvigè oswa kominiksasyon ou resevwa nan Òganizasyon an:

Sitwèb: <https://healthcare.ascension.org/financial-assistance/florida>

Nimewo Pou Rele Gratis nan Sèvis Kliyantèl: 877-257-3449

Adrès Postal:

St. Vincent's Health System, Inc.
1 Shircliff Way
Jacksonville, FL 32204

7. “**Pasyan**” vle di yon moun k ap resevwa swen sante (oswa ki te resevwa swen sante) nan Òganizasyon an ak nenpòt lòt moun ki gen responsablite pou peye lajan pou swen sante a (tankou manm fanmi ak responsab legal yo).

PRATIK FAKTIRASYON AK REKOUVREMAN

Òganizasyon an gen yon pwosewsis ki òdone pou bay etadkont faktirasyon souvan pou Pasyan yo pou sèvis nou bay yo epitou pou nou kominike avèk Pasyan yo. Nan ka yon pasyan li pa peye pou sèvis oganizasyon an te bay, Oganizasyon an ka angaje nan aksyon pou jwenn peman an, gen ladann, men pa limite, tante pou kominike nan telefon, imèl, ak an pèsòn, ak youn oswa plis ECAs, sou rezèv dispozisyon ak restriksyon yo ki prezante nan politik faktirasyon ak rekouvman. Depatman sikilasyon revni gen otorite final pou detèmine ke oganizasyon an te fè jefo rezonab pou detèmine kalifikasyon pou asistans finansye ak Oganizasyon sa ka angaje nan ECAs.

Dapre 501(r), Règleman konsènan Faktirasyon ak Rekouvman idantifye efò rezonab Òganizasyon an dwe fè pou detèmine si yon Pasyan kalifye anba FAP li pou Èd Finansye anvan li angaje nan aksyon rekouvman ekstrawòdinè oswa ECA. Lè yon detèminasyon fèt, Òganizasyon an ka kontinye avèk youn oswa plis ECA, jan sa dekri la a.

1. Pwosesis Aplikasyon FAP. Eksepte nan ka sa yo, yon Pasyan ka soumèt yon aplikasyon FAB nan nenpòt moman avèk respè pou ijans ak lot swen medikalman nesèsè te resevwa nan oganizasyon. N ap travay sou detèminasyon kalifikasyon pou Èd Finansye a dapre kategori jeneral ki endike anba la yo.
 - a. Demann FAP Konplè Nan ka yon pasyan ki soumèt yon Aplikasyon FAB konplè, Oganizasyon an dwe, nan yon tan itil, sispann tout ECAs pou jwenn peman pou swen an, fè yon detèminasyon kalifikasyon, epi bay yon notifikasyon ekri, jan yo te bay la.
 - b. Detèminasyon Kalifikasyon Potansyèl. Si yon pasyan sipoze gen dwa mwens pase asistans ki pi jenere ki disponib nan FAB la, Oganizasyon an pral avize pasyan nan baz detèminasyon epi bay pasyan an yon peryod tan rezonab pou aplike pou plis asistans jenere avan kreye yon ECA.

- c. Avi ak Pwosesisi Kote pa gen Aplikasyon ki Prezante. Sof si Pasyan an prezante yon Aplikasyon FAP ki ranpli oswa si nou detèmine li kalifye dapre kritè Kalifikasyon Sipoze pou FAP, Òganizasyon an p ap angaje nan okenn ECA pandan omwen 120 jou apati dat premye etadkont faktirasyon apre egzayat la pou swen sante nou bay Pasyan an. Nan ka gen anpil sitiyasyon kote nou bay Pasyan an swen santenou ka gwoupe dispozisyon sa yo ki nan avi a, kote peryòd tan yo ta dwe baze dènye sitiyasyon swen sante a ki endike nan gwoupman an. Anvan nou kòmanse yon (1) ECA pou resevwa peman nan men Pasyan ki pa prezante yon Aplikasyon FAP pou swen sante nou ba li, Òganizasyon an dwe fè aksyon ki endike anba la yo:
- Bay Pasyan an yon avi alekri ki endike Èd Finansye disponib pou Pasyan ki kalifye yo, idantifye ECA(yo)nou chwazi pou aplike pou resevwa peman pou swen sante a, epi endike yon dat limit apre nou aplike ECA(yo) ki pa dwe vini anvan 30 jou apre dat nou bay avi alekri a;
 - Bay Pasyan an rezime a ak powosesis Aplikasyon FAP la nan langaj òdinè; epi
 - Fè yon jefò ki rezonab pou fè Pasyan an konnen aloral pwosesis FAP la ak pwosesis Aplikasyon FAP.
- d. Demann FAP ki pa byen ranpli yo. Nan yon pasyan ki soumèt yon Aplikasyon FAB enkonplè, Oganizasyon an dwe ekri pasyan pou avize konsènan koman pou Aplikasyon epi bay pasyan trant (30) jou nan kalandriye a pou fè sa. Nenpòt ECA ki annatant dwe sispann pandan tan sa a, epi avi alekri a dwe (i) dekri enfòmasyon ak/oswa dokiman siplemantè ki obligatwa dapre FAP oswa Aplikasyon FAP ki nesèsè pou ranpli aplikasyon an, epitou (ii) dwe gen enfòmasyon kontak apwopriye ladan.
2. Restriksyon sou Ranvwa oswa Refi pou bay Swen Sante. Nan sitiyasyon kote Òganizasyon an gen nentansyon ranvwaye oswa bay refi, oswa egzije yon peman anvan nou bay swen sante ki nesèsè pou rezon medikal, jan sa defini nan FAP, paske lè yon Pasyan pa peye youn oswa plis bòdwo pou swen sante nou te bay li anvan ki garanti avèk FAP, n ap bay Pasyan an yon avi alekri k ap endike a Èd disponib pou Pasyan ki kalifye yo
3. Avi pou Detèminasyon.
- Detèminasyon yo. Lè nou resevwa yon Aplikasyon FAP ki ranpli sou kont yon Pasyan, Òganizasyon an ap evalue Aplikasyon FAP la epi n ap fè Pasyan an konnen alekri detèminasyon final la nan karant-senk (45) jou almannak. Avi a ap gen ladan yon detèminasyon kantite lajan Pasyan an ap gen responsablite finansye pou peye. Si Pasyan an jwenn refi pou Aplikasyon FAP la, n ap voye yon avi ba li pou eksplike li rezon pou refi a epitou pou nou bay li enstriksyon pou kontestasyon ak re-konsiderasyon.
 - Ranbousman. Òganizasyon an ap bay yon ranbousman pou kantite lajan yon Pasyan peye pou swen sante ki depase kantite lajan nou detèmine pasyan an gen responsablite finansye pou petye anba FAP, sof sikantite lajan ki anplis la pipiti pase \$5.00.

- c. Ranvèsman ECA(yo). Nan limit nou detèmine yon Pasyan kalifye pou Asitans Finansye avèk FAP, Òganizasyon an ap pran tout mezi ki disponib yon fason rezonab pou ranvèsman yon ECA nou te pran kont Pasyan an pou nou resevwa pemab pou swen sante a. Anjeneral mezi ki disponib yon fason rezonab yo gen ladan, men pa sèlman, mezi pou anile nenpòt jijman kont Pasyan an, eliminasyon prelevman sou pwopriyete Pasyan an, epi retire nan rapò kredi Pasyan an nenpòt enfòmasyon n negatif nou te rapòte ba yon ajans rapòtaj sou konsomatè oswa biwo kredi.
4. Kontestasyon. Pasyan an ka konteste yon refi kalifikasyon pou Èd Finansye depi li bay lòt enfòmasyon pou Òganizasyon an nan katòz jou apre li resevwa avi pou refi a. Òganizasyonan ap revize tout kontestasyon yo pou yon detèminasyon final. Si detèminasyon final la konfime refi pou nou te bay anvan pou Èd Finansye a, n ap voye yon avi ekri ba Pasyan an.
5. Rekouvremant. Upon conclusion of the above procedures, the Organization may proceed with ECAs against uninsured and underinsured Patients with delinquent accounts, as determined in the Organization's procedures for establishing, processing, and monitoring Patient bills and payment plans. Selon restriksyon ki endike la yo, Òganizasyon an ka itilize sèvis yon ajans rekouvremant dèt ki gen bon repitasyon pou travay sou move kont dèt yo, epi ajans sa yo oswa founisè sèvis sa yo dwe respekte dispozisyon 501(r) ki anvigè pou ajans endepandan yo.